Адыгэхэм я махуэшхуэм ирихьэл1эу ек1уэк1а зэу1щ1эм и ек1уэк1ык1эр

**«Сыадыгэщ- ар си дамэщ»**

ЕДЖ: КЪЕУЭТ, ПШЫНАУЭ , ДИ КЪАФЭ
АДЫГЭ ЛЪЭПКЪЫР КЪЭГЪАФЭ
НОБЭ ДИ МАХУЭЩ ДИ ДЖЭГУЩ
ПСЭР ЗЫХУЭУСЭР ДИ ЛЪЭПКЪЩ

«Къофэ адыгэ лъэпкъыр» ( Нэхущ Чэрим ) къафэмк1э гуф1эгъуэ зэ1ущ1эр къызэ1уах.

**1Езыгъэк1уэк1ым -**

Ф1эхъус апщий, ди хьэщ1э лъап1эхэ,,

-1эзэрэ щыпкъэу ди егъэджак1уэхэ,

-Дыгъэ-щыгъэу ди еджак1уэхэ!

- Адыгэм и махуэ лъап1эм теухуа зэ1ущ1эм ди гуапэу фыкъыдогъэблагъэ!

**2Езыгъэк1уэк1ым:**

2014 гъэм шыщхьэ1ум и 12-м Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщ1 К1уэк1уэ Юрий 1э тридзауэ щытащ фок1адэм и 20-р адыгэхэм я махуэу гъэувыным теухуа унафэм. А унафэм ипкъ итк1э фок1адэм и 20-р махуэшхуэу ягъэуващ Къэбэрднй-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъ псом я дежк1и. Ди гуапэщ нобэ ди махуэшхуэр псоми къыддэвгъэлъэп1эну.

Едж:

Сыадыгэщ ! Ар си дамэщ!

Сыадыгэщ! Сышэрджэсщ!

Дэни пщалъэу щыуващ

Шэрджэс жи1эм - ар ц1ыху нэсщ.

Едж:

Сэ сыадыгэщ:

Мыр си 1эщ, мыр си лъэщ

Мыр сигущ, мыр си псэщ

Си псэр пытыху

Си гур къеуэху,

Си лъэр зек1уэху

Сыхуэпсэунщ адыгэм.

Едж:

- Ди лъэпкъ 1умахуэу адыгэ лъэпкъыр,

Хабзэр я бзыпхъэу тетщ дуней псом,

Къаджэм пэджэжу , жанщ я 1эпкълъэпкъыр,

Зэбын – зэунэу , зэпсэу мэпсэу.

**1Езыгъэк1уэк1ым**

-Нобэ ди махуэшхуэм хэтыну, ар къыдда1ыгъыну, къыдэхъуэхъуну къэк1уащ ди лъэпкъэгъухэр. Адыгэ хабзэм къызэрищтэщи, еттынщ абыхэм псалъэ

**Мамхэгъ (Унэтл1окъуэ А.)**

Ди къэралым мамырыгъэр щытепщэу,

И уафэр къащхъуэу,

И щ1ылъэр щхъуант1эу,

Бэвыгъэр и куэду,

Берычэтыр илъу,

И ц1ыхухэр пэрыту,

Лъэпкъхэр зэкъуэту

Куэдрэ псэуну сохъуахъуэ!

Мамхэгъ лъэпкъым и вагъуэр япэу

Адыгэ ныпым щрелыд

**Беслъэней (Къатинэ А)**

Ди   лъэпкъэгъу  лъап1эхэ!

Узыншагъэр быдэу,

Гукъыдэжыр фи куэду,

Дэрэжэгъуэр ину,

Фи пщ1эр лъагэу,

Фи нэмысыр куууэ

Фи сабийхэр нэмысыф1эу,

Фи балигъхэр акъылыф1эу,

Ф1ым фрилъыхъуак1уэу,

Фи 1уэхур еф1ак1уэу,

Фыпсэуну сохъуахъуэ!

Ди ныпым ,вагъуэ щызэщ1энэ,

Беслъэней лъэпкъым уранэщэнэу.

**Хьэтыкъуей (Блий А)**

Гушы1эн, зыкъэзыгъэлъэгъуэн фыхуей?

Аращ дыкъызыхуигъэщ1ар хьэтыкъуейр.

**Гушы1э теплъэгъуэ**

Едж:

П1от1 щхьэхынэ  къэушаш,

Бауэбапщэу къыщыпщащ

Ар пщэф1ап1эм ныщ1эпщхьащ

П1от1: «Со-мэ жа-л1э»

Едж: Лы 1ыхьэшхуит1ыр хьэф,хьэф!

Лэпс шынакъышхуэр хъуп-хъуп!

Щ1акхъуэ тебэшхуэр щ1акъ-сыкъ!

Зек1уэжыфкъым П1от1 шхэгъуащ

Мыщэм хуэдэу зэ бэкъуащ

Шэнтжьей щабэм ихуэжащ.

П1от1:      Ма-а, пщэф1ап1эм сыщ1эшыж
Сыши п1эм сыгъэгъуэлъыж,

Шхы1эн хуаби къыстеп1эж.

МАМЭ: Куэдщ! А уи жьэр зэтеп1э

П1эм укъипщмэ- пщэф1ап1э!

Ныбэр пкудэм- гъуэлъып1э!

Емык1ущ, напэ зимы1э!

П1от1:  Уэ пф1эмащ1э сэ пхуэсщ1ар?

Мо п1эм нэск1э жэт къик1ар?

Уэ шхын 1эф1у упщэф1ар

Зы къэмынэу хэт зышхар?

Куэдщ бэлыхьу сэ сшэчар.

Зыст1эщ1ащ, зысхуэпащ

Ар зыхуэсщ1эр хэт? Уэращ.

Сыт ущ1эгъыр ,й ,си анэ!

Сшхар пф1эмащ1эу ара, мамэ?

Мамэ: Уэ си П1от1эу дуней нэху

Узгъэф1ащ сэ уц1ык1уху!

Жейр гъэмащ1и- щ1эж уи 1уэху!

Сэри т1эк1у зызгъэгъэпсэху!

Адыгэ уафэм зыгуэр дэплъейм,

Иралъагъу я вагъуэр хьэтыкъуейм

**Шапсыгъ (Тл1уп Р.)**

Зы щ1ып1и щымык1уэд си ныбжь

Сэ согъэлъап1эр си нэхъыжь

Сэ си 1эпэгъущи лъэпкъ псалъэжь

Къэмыхъу злэжьам сыщыхущ1егъуэж

Адыгэ хабзэр игъэпэжу

Ди вагъуэр уэгум щреблэж

**Еджэрыкъуей (Хъут1эжь Э.)**

Гурыщ1э къабзэм къегъэщ1ыр

Насыпыр псоми яретыр

1уащхьэмахуи и бзэр къеут1ыпщыр

Зэхихмэ, дэ ди пшынэ макъ

**Уэрэдыр «Адыгэ нэмыс»**

Мык1уэдыжыну зэи ди уэрэд

Еджэрыкъуейм ди вагъуэр фыдот.

**Абазэххэ (Бажэ А.)**

Зэ фыхуэзамэ абазэххэм,

Флъэгъуащ  бзэр зэрагъэбзэрабзэ

Шэч къытефхьэм фыкъеда1уэ,

Фи къарухэр къэвгъэлъагъуэ

**Псынщ1эрыпсалъэхэр**

Абазэххэм вагъуэр тлъок1ыр ттын

Тхьэм ищ1 ар зэик1 уэгум имык1ын.

**Натхъуэдж (Пэрыт Р.)**

Сабийхэм я  зэш тедгъэуну,

Жану щыдгъэтыну,

Псынщ1эу дгъэгупсысэну,

Гукъинэжу дгъэджэгуну

Натхъуэджхэр дыкъэк1уащ

(къуажэхьхэр)

Ирет адыгэ уэгум ищ1у джэгу

Уи вагъуэр си натхъуэдж.

**Бжьэдыгъухэр (  Мык1уэф М.)**

Хъуэрыбзэхэр къыт1урылъэлъу

Дыкъеблэгъащ бжьэдыгъухэр

**Еджак1уэхэм я хъуэрыбзэхэр:**

- Зи  н э ф1ыщ1ит1ыр пыжьынэ,

Зи нэк1ущхьит1ыр пкъынэплъ,

Сызэрып1урыплъэу сыптхьэкъри,

Уджым укъыхэсшащи,

Зумысыгъуэджу дызэгъэпсалъэ.

Сомыпсэлъэну сыбзагуэкъым.

Удж бдэзмыхьынуи сыпагэкъым

Ууэршэрак1уэмэ, шэщ1эхум к1уэ,

Ухъыджэбзаплъэмэ, усхэк1ыжащ

Хуэмыхъуу зыми ныкъуэкъуэгъу

Иреблэ уи вагъуэр, бжьэдыгъу

**К1эмыргуей (Унэтл1окъуэ С.)**

К1эмыргуейхэм гушы1эр ди щ1асэщ

Тыгъэ фхудощ1ыр гушы1э усэр

Т1эк1у едгъэлейми фи жагъуэ фымыщ1

Ди бысым лъап1эхэм тыгъэ фхудощ1.

(усэ)

Пщэдджыжь къэск1э ди Аринэ?

Гуф1эжу къытпожьэ, уарэ?

И псэр сабийхэм ета?

Жэщым мык1уэжу ара?

Щреблэ куэдрэ адыгэ уафэм

К1эмыргуей лъэпкъым и вагъуэр

**Мэхъуэш (Къумыкъу А.)**

Сыту ц1ык1уу сыщыта,

Сыту куэди сэ згъэхъа

Мы дунейр сэ си щ1эщыгъуэт

Нанэ сэ езмыт псэхугъуэ,

Упщ1э гугъухэр абы естт

Хэдэн хуейуи 1уэхур хуэсщ1т.

Ахэр сигу къызогъэк1ыж

Фэри ,ц1ык1ухэ, вжызо1эж.

Фэ ефтыфыну п1эрэ си упщ1эхэм я жэуап.?

Упщ1эхэр хъуржыным илъщ.

Сыт зищ1 ысыр адыгагъэр?

Адыгагъэр ар дахагъэщ,

Къабзагъэщ, пэжыгъэщ, губзыгъагъэщ, напэщ, ук1ытэщ,щэнщ,хьэлщ,нэхъыжьыгъэщ, нэхъыщ1агъэщ……

Хъунщ хъарзынэщ, арэзы сыкъэфщ1ащ фи жэуапхэмк1э, фыпсэу,ц1ык1ухэ.

**Убых: Сабэншы С.)**

Л1ыгъэм усэ хуаусауэ

убых лъэпкъри дыкъэсащ

Уэрэдым блэри гъуэм кърешыр

ракети топи емызэгъ

усэ шэрыуэм псэр етхьэкъур

Зылъэ1эсари ещ1 гъунэгъу

Сабэншы Камилэ «Адыгэ щ1ыналъэ»

Тетщ дунеишхуэм адыгэ лъэпкъ
БжыгъэкIэ мащIэми, лIыгъэ яхэлъщ
Iущхэщ, бэшэчхэщ, пщIэшхуи зэрахьэ
Лэжьыгъэ хъуами псэемыблэжхэщ.

Хабзэр, намысыр ныбжьу ягъусэщ,
ШыгъупIастэ IэнэкIи зы къатемыкIуэ,
ХьэщIэ яфIэфIщи, ину яIэт
Джэгухэр хуагъахъэ, шыгъажэ хуащI.

ЖьэкIэху тхьэмадэу щытщ Iуэщхьэмахуи

Адыгэ псори, дэни щыпсэури
И псэр хуэкъабзэу и гур хуэщабэу
Ирегъэблагъэр адэжь жьэгупэжьым.

**Убых:**

Щрет ди вагъэр лъэпкъым хуэусэу

Еда1уэ псоми дихьэхыу я псэр.

**Къэбэрдей (Шэбэзджэрий А)**

Дыщыгуф1ык1ыу къуэш къеблэгъахэм

Дыхуейщ хьэщ1агъэ дэ етхын

«Адыгэм и хьэщ1эр исщ быдап1э»

Щымы1э ар зэрихъуэжын.

Хьэщ1э къихьакъэ хьэщ1эщым
Адыгэр и псэ емыблэж
Батэ дыдэ дымыгъэшми,
Зэхэфхмэ тф1эф1щ ди псалъэ пэж.

**Едж:**

Си бзэмрэ сэрэ дызэт1олъхуэныкъуэу
Зы адыгэ анэм дыкъилъхуащ,
Здэнукъым сыкъэзылъхуар хаутэу,
Здэнукъым хаутэу къыздалъхуар.
Едж:
- Адыгэ, ди дыгъэ , дищ1,
Ди лъэпкъ гупсысэ зым пэдмыщ1,
Аращ дэ ди псэр, фыф1эл1ык1,
Фыпсэу хуэфщ1эфу фхузэф1эк1.
Едж:

- Псалъэ , псалъэ , адыгэ псалъэ,

Адыгэгур л1ыгъэм хуэгъэпсыж.

«Уадыгэщ» жа1эм дрипагэу,

Адыгагъэм и пщ1эр къэ1этыж.

Едж:

- Маржэ , ди щ1эблэу лъэпкъым и набдзэ,

Адыгэ хабзэр фи псэу фыпсэу ,

Къытщ1эхъуэ щ1эблэр лъэпкъым и набдзэу -

Хабзэ дахащэм дэ дропсэу.

«Сыадыгэщ!» жып1эр зыми щыщкъым
Хуейщ адыгэу укъыщ1эк1ыжын
Ди адыгэм хэлъа хабзэ дахэм
Итхьэгъуышыр жыжьэ щыгъэ1ун.
Уадыгэм щыи адыгэ щ1алэу,
Уадыгэм адыгэпхъуу щыт
Уадыгэм ирипагэ лъэпкъым
Адыгагъэм и гъуэгу щыпкъэм тет!

**Езыгъэк1уэк1ым:** Адыгэ къафэм нэхъри нэхъ дахэу сыт щыIэ! Сыту удахьэхрэ псым щес кърум ещхьу, зи бгыр псыгъуэу, адыгэ фащэ зэкIужхэр зыщыгъхэу утыкум къихьэ адыгэ пщащэхэр.

**(пщащэ къафэ)**

Къуэшыгъэр нэхъри игъэбыдэу

Къэбэрдейм и вагъуэр уэгум щрелыд.

**Едж: (Хъут1эжь С.)**

Адыгэ лъахэр щ1эраш1эу,

Мамыру гъащ1эр еф1ак1уэу,

Лъэпкъыр зэкъуэту , зэтэжу,

Дэнэк1э щы1эри къэк1уэж1,

Си лъэпкъыу уардэр псэуну,

Сыхъуахъуэу шабзэшэхэр къэсхьащ,

Ди ныпми ар к1эрыслъхьэнщ.

**Псоми :**

Иремы унк1ыф1  зэи    адыгэм  ди  жьэгу маф1эр!

Ире1у нэхъ ин уди макъамэр,

Лъэпкъ уардэр бжьыф1эу кърe1эт

К1эрылъу л1ым адыгэ къамэр,

Утыку ихьамэ, лъэр щ1олъэт.

Адыгэу хъуар зэхэлъхьи л1ыгъэ,

Къытхуешэл1эж адэжь и жьэгу.

Адыгэ къафэр фхуэтщ1у тыгъэ,

Лъэпкъым тш1ыжынщ  бжэ1упэ джэгу.